



KONEKSYON IAF

Janvye – Mas 2002

NOUVEL:

INISYATIV AK MEKSIK	2
DELEGASYON DEPITE NAN BOLIVI	2
KI KOTE YO YE KOUNYE-A?	3
REKONEKTION NORTH CAROLINA AK AYITI	4
KOMES SOU ENTENET	5
SERI KONFERANS	6
VIZAJ TOU NEF NAN IAF	7

IAF AK FONDASYON MEKSIKEN AP MONTE YON FON DEVLOPMAN

Fondasyon Entèameriken ak Fondasyon pou Meksiken k'ap viv aletranje (**FUNDAMEX**) siyen yon pwotokol akò nan dat 11 Mas, pou monte kek pwogram ki pou ede kominate meksiken yo ki ap konfronte lanmizè ak pwoblèm migrasyon.

Chak òganizasyon dakò pou vèse jiska 2 milyon dola pou pwojè devlopman sosyal ak ekonomik ki va idantifye pa kominate yo. Anplis, IAF ap pote eksperyans li nan devlopman alabaz alòske FUNDAMEX ap bay pwogram nan konpetans li nan kesyon migrasyon.

Akò IAF/FUNDAMEX te rantre nan rapò final "Asosyasyon pou Pwosperite" ke **Sekretè deta Colin Powell** ak konseye prezidan meksiken Eduardo Sojo te presente bay **Prezidan George Bush** ak **Prezidan Vicente Fox** nan dat 22 mas nan Konseferans Nasyonzini pou Finansman Devlopman ki te fèt nan Monterrey, Meksik (n'a pale sou sa nan **Inisyativ ak Meksik**).



Depite Hilda Solis ak Javier Martinez, direktè egezikitif REDES, nan "mache mobil" San Salvador .

REP. SOLIS VIZITE PATNE IAF YO NAN AMERIK SANTRAL

Depite **Hilda Solis** (Calif.) te vizite patnè IAF yo e li te pale ak plizye benefisyè Pwojè IAF yo nan El Salvador ak Nikaragua depi nan 15 rive nan 17 mas. Li te vizite "mache mobil" **REDES**, ki se yon seri kiosk ki sikile nan katye Mejicanos nan San Salvador ak andan pwogram **AVODEC** pou sante riral preventif nan **Jinotega, Nikaragua**.

"Mwen te kontan wè resous yo ap sevi pou ede moun ki pi plis nan bezwen, Solis te di Koneksyon nan biwo li Washington. "Se pou sa li enpòtan pour nou bay sipò nou pou kontinye finanse pwogram sa

yo ki envesti nan kominate yo pou yo ka vin otonòm.. Lè ou wè kantite katastwòf peyi Amerik Santral yo konfronte déjà, ak difikilte ekonomik y'ap konfronte jodi-a, pwogram sa yo ap ede anpil pou revitalise (resiste) ekonomi yo, epi pou ranfòse yon sans kominate ak fanmi." la IAF para Nicaragua, la informó sobre las actividades de la IAF en ese país.

Anplis, Solis te vizite **FODEM-CENZONTLE** yon pwogram mikro-antrepriz pou fanm nan Esteli, kote IAF ap etidyé posiblite yon sibvansyon. Li te fè refleksyon: "Fanm sa yo travay di et yo vle rive, tou sa yo bezwen pou sipòte fammi yo se resous – e se sa pwogram nan ap bay".

Depite Solis te gen avè li **Nidia Bautista** yon manm nan estaf li ak **Patrick Breslin**, direktè afè ekstèn IAF. **Miriam Brandao**, reprezantan IAF pou Nikaragua, te fe yon ti brifin avan li te pati. ♦♦

DELEGASYON DEPITE NAN BOLIVI

Chris Krueger, reprezan IAF pou Bolivi ak Peru, te akonpaye yon delegasyon depite nan Bolivi soti 20 rive 25 janvye. **Thomas Costa** manm estaf Repiblikan ak **David Rapallo** konseye Demokrat pou soukomite sekirite nasyonal, administrasyon veteran ak relasyon entènasyonal nan komite refòm gouvènmantal nan Palman-an, te vizite plizyè patnè IAF kote yo te aprann sou plas priyorite ak pwogram Fondasyon an.

Pandan vizit Msye Costa ak Rapallo, **Javier Diez de Medina** ki se direktè **Fondasyon Inti Raymi** te eksplike ki jan Fon Developman Lokal li te mete sou pye reyisi mobilize 5 dola pou chak dola IAF. Ansanm, IAF ak Inti Raymi Foundation gentan finanse 45 pwojè nan 25 kominote ki vvazen ak min lò Inti Raymi.

Asistan depite yo aprann tou ke ti pwodiktè yo patisipe anpil nan Dyalòg Nasyonal ki defini Estrateji pou Redwi Lamizè nan Bolivi. Yo te patisipe tou nan yon reyinyon kominotè ak **CASDEC**, yon ONG ki travay nan ekspansyon ak jesyon resous natirèl nan komin Titaque nan depatman Cochabamba. Apre yon ti pale ak konsey minisipal la, Costa ak Rapallo te rankontre ak lidè kominotè nan Koari, yon lokalite ki rezèvwa dlo ki sèvi 10 kominote. Se yon pwojè ki sèvi ak resous IAF pou amelyore rebwazman, resous dlo ak pwodiksyon agrikilti òganik pou konsomasyon ak komèsyalizasyon. ♦♦

INISYATIV AK MEKSIK

Depi mwa novanm rive mwa mas, **David Valenzuela** prezidan IAF la, te patisipe nan divès evenman ki pou abouti nan plis echanj ak Meksik.

An novanm, Valenzuela te pale sou eksperyans IAF yo nan yon konferans sou developman lokal nan yon konteks global ki te fèt nan Guanajuato. Se **Community Foundation Bajío**, yon patne IAF, ki te patwone konferans sa-a, ansanm ak **gouvènman leta Guanajuato**, yon òganizasyon developman ameriken ki rele **Synergos** ki afilye ak **Global Philanthropists Circle**, epitou kèk manm sekte prive. Moun ki te pale sou sa gouvènman Meksiken ap fè pou soulaje lamizè sete **Prezidan Vicente Fox**, **Gouvènè Guanajuato Carlos Romero Hicks**, ak **Carlos Flores** ki se yon gwo konseye Prezidan Fox.

Na jou ki te 19 fevriye, Valenzuela te patisipe nan reyinyon bilateral Etazini-Meksik, ki se yon dezyèm mitan nan inisyativ ki te lanse an novanm nan Merida ki rele Patnè pou Pwosperite. Objektif reyinyon fevriye-a, ki te fèt nan Sant Konferans Mezon Blanch Ameriken an, se te pou kreye pwopozisyon pou reyalizasyon nan tèt ansanm baze sou analiz kesyon ki konsène 6 domen: agrikilti, lojman, finansman, teknoloji enfòmatik, enfrastrikti ak "remiz" oubyen transfe lajan. Chak peyi te envite ekspè Gouvènman ak sektè prive yo pou vin diskite nan yon espri koperasyon bilateral. Yo te prezante pwopozisyon yo bay **Prezidan Bush** ak **Prezidan Fox** lè yo te reyini Monterrey jou ki te 22 mas.

Nan konteks Patnè pou Pwosperite, IAF, FUNDA-MEX ak Biro Prezidans Meksik pour sitwayen k'ap viv aletranje yo, ap devlope yon fon pou rale resous sektè publik ak sektè prive pou finanse aktivite ki pral diminye lanmizè epi ankouraje imigran meksiken k'ap viv ozetazini yo pou investi nan aktivite pwodiktif nan kominote kote yo soti. Yon premye pwogram pou ogmante enpak "remiz" sa yo ap mete sou pye nan moman n'ap pale-a. ♦♦

KI KOTE YO YE KOUNYE-A?	POU SOVE KEK SOUS DLO NAN REPUBLIK DOMINIEN
<p>Adolfo Franco te prete sèman nan dat 8 mas 2002, kom Asistant Administratè pou Amerik Latin ak Karayib la nan Ajans Ameriken pou Developman Entènasyonal (USAID). M. Franco te konseye jiridik prensipal pou Komite Relasyon Entènasyonal nan Sena Ameriken. Anvan sa a, soti lane 1985 rive nan lane 2000, li te okipe divès pozisyon nan IAF, premyè Visprezidan, reskonsab afè palmantè, konseye jeneral ak prezidan a.i.</p> <p>Yon pil lòt manm estaf ak konsèy administrasyon IAF, estajyè ak entèn ap sèvi tout lòt kote an kalite pwofesyonè nan zafè entènasyonal ak developman. Koneksyon IAF ap site kèk. Lis sa-a pa fin konplè nèt, et n'ap site plis entèn yon pwochen fwa. Tanpri, fè nou konnen tout chanjman nan info@iaf.gov.</p> <ul style="list-style-type: none"> ▪ Bill Barbieri, Direktè Peace Corps, Belize ▪ Peter Bell, Prezidan Care International; Visprezidan Konsey Administration Dialog Entèameriken ▪ Mac Chapin, Direktè Egzekitif Native Lands ▪ Anita Friedman, Direktè Peace Corps, Republik Dominiken ▪ Rita Funaro, Editè "Latin American Economic Politics" Bank Entèameriken pou Developman ▪ Peter Hakim, Prezidan Dialog Entèameriken ▪ Ray Offenheiser, Prezidan, Oxfam Amerik ▪ Maria Otero, Prezidan Direktè Jeneral Action AITECH ▪ Susan Pezzullo, Direktè Peace Corps, Nicaragua ▪ Charles Reilly, Direktè Peace Corps, Guatemala ▪ Manuel Rocha, Anbasadè Ameriken nan Bolivi ▪ Michael Chifter, Visprezidan Dialog Entèameriken ▪ Bradford Smith, Visprezidan Inite Pè ak Jistis Sosyal nan Fondasyon Fòd ▪ Steve Vetter, Prezidan Fondasyon Eureka . 	<p>"Debwazman ak kontaminasyon ap detwi sous dlo nan Cibao", se sa Domingo Rodriguez, prezidan konsey administrasyon ak pòtpawòl Sociedad Ecologica del Cibao (SOECI) te di. SOECI se yon òganizasyon reyjonal filantropik nan pwovens Cibao, ki gen kòm misyon pou'l ankouraje yon rapò pozitif nan mitan moun ak anviwonman-an ki pou amelyore kalite lavi epi pwomouwva yon developman ki ka kenbe. Mouvman sa a fè pati travay yon komisyon prezidan Republik Dominiken nan mete sou pye pou etabli yon senti vèt nan pwovens Santiago.</p> <p>Yon lòt òganizasyon ki gen menm misyon ak SOECI defini estrateji pou konsève sous dlo yo, ki rele Plan Estratèjik Santyago (PES), ke la chanm provensyal Cibao-a apwouve. Plan nev an sa-a gen ladann kon-sèvason, sovtaj ak rebwazman Rivyè Yaque Nò, prensipal sous dlo Santyago, ak sipò sosyete sivil la, sektè prive-a ak gouvènman santral ak minisipal. Depi 1999, SOECI ak PES yo chak resevwa sibvansyon IAF ki depase \$250,000 pou pwojè ki mobilize resous gouvènman lokal tou.❖</p>

SIT ENTÈNÈT YON PATNÈ IAF VIN TOU NÈF

Asociacion Latinoamericana de Organizaciones de Promocion (ALOP) revele dènyeman sit li pral itilize pou tabli ak kenbe alians li yo ak gouvènman lokal yo pou sipòte inisyativ developman kominote de-favorize yo ap pran. Nap jwenn tout enfòmasyon sou fòmasyon, asistans teknik ak konferans, ak rapò etid ka, nan www.desarrollolocal.org❖

REPREZANTAN IAF REKONEKTE LEGLIZ NORTH CAROLINA AK AYITI




Pandan yon ti vizit an Ayiti, **Linda Borst**, Vis prezidan pou Pwogram nan IAF, ak **Carlo Dade** reprezantan IAF nan Republik Dominiken ak Ayiti, te tonbe sanzatan sou yon koneksyon kache ant yon pwojè IAF ap soutni kounye a ak yon travay ki te finanse depi 25 lane pa Legliz **Presbiteryèn Mecklenburg**, nan North Carolina.

Nan Kominote Kwafè tou pre Beladè, ekip IAF la te vizite yon kanal irigasyon ki te reparé ak asistans yon patne ki rele **Fondasyon Enstitisyon pou Developman ak Edikasyon nan Baz-la (FIDEB)**. Pandan yo tap vizite sistèm kanal la, Borst ak Dade te sezi jwenn yon plak dedikas. Moun lokalite yo eksplike ke kanal la te resi konstwi ak patisipasyon manm yon gwoup legliz North Carolina nan mitan ane 70 yo jis rive nan komansman ane 80 yo. Akoz enstabilite politik an Ayiti nan denye ane 80 yo ak nan lane 90 yo, kominote-a te pedi kontak ak gwoup legliz sa yo ki te ede yo batí kanal la.

Lè li tounen Ozetazini, Dade voye foto kanal la, ak tout foto plak la, nan yon imèl bay yon manm legliz **Presbiteryèn North Carolina**. **Sally Graves**, ki editè Jounal Legliz Presbiteryèn la, piblibye yon ti atik nan jounal legliz la. Li rele'l "In the Fullness of Time" e li mete foto yo ladann.. Atik la montre siksè ak valè kanal la toujou genyen. Pandan l'ap raple moun k'ap li yo yon chapit yo te blyie nan istwa legliz presbiteryèn nan, li mansyone plizye gran moun nan legliz ak yon ansyen pastè ki te travay nan kanal la. Men sa atik la di :



"Pou sa'k pat la 15 lanedsa" Graves di, "o ki te ka blyie kek detay, Covenant se youn nan legliz presbiteryèn nou yo, ki te rele Legliz **Presbiteryèn Mecklenburg**, ki te finanse ak sipòte yon pwojè kanal irigasyon an Ayiti. Pandan 5 lane, yon chay jèn ak gran moun, genyen ladan yo ki aktif toujou, te ale an Ayiti pou travay nan pwojè sa-a."



IAF bay FIDEB yon sibvansyon pou yon ti fon developman lokal ki mete \$1,500 pou pi plis nan pwojè kap fêt nan domèn pwodiksyon ekonomik, transfòmasyon agrikol, komès ak devlopman ti antrepriz. Kominote lokal yo dwe jwenn sou plas 2 fwa kantite kòb FIDEB mete an.

Po wè atik sa-a ak foto yo, rantré sou [www.covenantpresby.org/HeadlineNews_Haiti.htm](http://covenantpresby.org/HeadlineNews_Haiti.htm)♦



NOUVEL

KOMÈS SOU ENTÈNÈT	DISKISYON SOU "REMITTANCES" (TRANSFE YO) NAN EL SALVADOR
<p>Peoplink se yon òganizasyon san pwofi k'ap ede atizan nan kominote elwaye yo nan tout kote sou tè-a vann prodwi yo sou entènèt. Li fè biznis direkteman ak prodiktè yo, sa'k pèmèt yo reyalize plis benefis. Kouman sa mache? Peoplink devlope yon relasyon patnè komès avec òganizasyon developman ki gen rapò ak gwoupman nan baz yo, tankou koperativ atizana, asosyasyon refijye and lig peyizan. Chak patnè founi sèvis bay plizyè gwoupman baz, tankou fè foto atizan yo pandan y'ap travay, fè foto pwodwi ki pare pou lavant. Patnè komès yo ede gwoupman yo monte pwòp sit entènèt pa yo nan Peoplink, yo reponn kesyon nan imèl, epi yo mete atizan yo an kontak ak teknoloji. Monte sou www.peoplink.org pou plis detay.♦</p>	<p>Kaye Pyle, reprezantan IAF nan El Salvador, ak Emily Fintel ki se yon estajyè IAF, te voyaje El Salvador pou asiste nan yon reyinyon tabronn sou "remittance" ki te fêt nan peyi sa-a, ke Fon Monetè Entènasyonal ak Bank Entèameriken pou Developman te patwone. Ekip IAF la te pwofite rankontre ofisyèl gouvènman pou aprann ki inisyativ gouvènman Salvador la t'ap pran pou moun ki pati yo ak "remittance". IAF te kontakte reprezantan kominote Salvador yo nan Washington pou fè yo konnen enterè IAF nan sipòte pwojè "remittance" pou developman zon riral yo. Vizite sit nou an pou plis detay sou pwosesis aplikasyon pou konkou nan kad "remittance". N'a voye pwopozisyon nou bay programs@iaf.gov.♦</p>

SERI KONFERANS

Date : 17-20 jen 2002

Ki bò : Arequipa, Perou

Ki tèm : Desantralizasyon, Developman Ekonomik Lokal ak Patisipasyon Sitwayen

IAF, ansam ak lakomin Arequipa, **Marco Region Sur** epi **Centro de Estudios para el Desarrollo Regional (CEDER)** ap patwone yon konferan entènasyonal kote akademisyen, pwofesyonèl ak lidè gouvènman pral prezante atelye travay sou ki direksyon developman an ap pran nan nivo lokal. Patisipan nan konferans sa-a pral analize modèl, pataje eksperyans yo, epi egzamine pwopozisyon pou developman ekonomik ak patisipasyon lokal nan yon konteks desantralizasyon. Kesyon sa yo enpòtan anpil pou Perou, ki fè yon gran pa pou desantralizasyon nan dènye lane an, ak pou rès Amerik Latin ak Karayib lan.

Konferans sa ap gen patisipasyon antite piblik lokal ak nasyonal, sektè prive, sosyete sivil, ak gwoupman kominotè. Organis k'ap patwone yo vle ankouraje diskisyon sou politik leta ak kek aksyon konkè pou amelyore, avek patisipasyon, kalite lavi moun yo nan divès peyi andan rejon an. Pou plis enfòmasyon sou konferans nan, monte sou info@iaf.gov ou byen voye imèl bay ceder@unas.edu.pe

Pa bliye konferans IAF-Harvard Business School lan sou nasyonale ak rediksyon lamiçè ki te prèvwa pou fêt 21-22 mas nan Buenos Aires, Argentina, li ranvoye san dat.♦

SA IAF EKRI

- ∞ **Building Democracy from the Grassroots** rasanble prezantasyon ki te fèt nan foròm 16 jiyè ke IAF ak Inite pou Pwomosyon Demokrasi nan OEA te patwone, kote 4 panèl te diskite kouman transfè resous ak fonksyon piblik soti nan birokrali santral pou al nan komin yo, nan tout Karayib la, nan Amerik Santral ak Amerik di Sid. **Lester Salamon, Beryl Levinger, Ramon Daubon, Marcos Rodriguez, Neville Duncan** ak kek lòt ekriven te egzamine wòl desantralizasyon ka jwe nan konsolidasyon demokrasi, nan ankouraje patisipasyon sitwayen ak diminye lamizè. Nou ka wè piblikasyon sa nan www.iaf.gov. Pou jwenn yon kopi enprime an anglè oubyen espanyòl, voye yon imèl bay publications@iaf.gov.
- ∞ **John F. Kennedy School** nan Invèsite **Harvard** ap distribue "From Policy Advocate to Policy Maker: NGOs in Recife" ke **Kaye Pyle**, reprezantan IAF nan El Salvador ekri. Atik sa, ki te parèt nan lane 1997 nan *Grassroots Development*, pral sèvi tankou yon etid ka nan yon kou sou lanmizè ak soulajman lanmizè nan peyi k'ap devlope yo. Nou ka wè li sou www.iaf.gov
- ∞ Earthscan, yon editè angle, ap mete atik **Marion Richey Vance** "Social Capital, Sustainability and Working Democracy : New Yardsticks for Grassroots Development" nan *The Earthscan Reader in NGO Management*, yon antoloji Alan Fowler ki nan Manchester Metropolitan University te edite, ak Michael Edwards, direktè Inite pou Gouvènans ak Sosyete Sivil nan Fondasyon Fòd. Atik sa te premye parèt nan Grassroots Development nan lane 1994.
- ∞ Pwogram ID 21 ("International Development in the 21st Century") nan University of Sussex mete sou baz done li "Remittances: Fueling Consumerism or Aiding Development », yon atik **Patrick Breslin**, direktè afè ekstèn ak **Carlo Dade**, reprezantan IAF pou Republik Dominikèn ak Ayiti te prezante nan yon konferans sou "remittance" IAF te patwone ki te fèt ane dènyè nan Bank Mondyal. Sit entènèt pwogram ID21 gen rechech yo fè sou plis pase 40 ôganizasyon entènasyonal. Pou wè atik sa, ki te pibliye an premye nan "Approaches to Increasing the Productive Value of Remittances", monte sou [www.id21.org/index.html](http://www/id21.org/index.html) ♦

PATNE IAF NAN LAPRES ENTENASYONAL

- ∞ Nan dat 30 novam ki sot pase-a *Houston Chronicle* te ekri yon atik sou koperativ kafe meksiken ki rele **Union de Ejidos La Selva, R.I. (La Selva)**. Atik sa-a te esplike ke koperativ sa-a ap chèche yon debouche sou mache entènasyonal nan ouvri ti restoran nan Meksik, an Erop, epi kounye an nan Atlanta. La Selva itilize grant IAF la pou ogmante kilti ak distribisyon kafe òganik pou **UNCAFESURE**, ki se Asosyasyon Prodiktè Kafe nan Frontyè Sid, epi pou li konsolide debouche li yo aletranje.
- ∞ **Organizacion de Desarrollo Etnico Comunitario (ODECO)**, yon ONG k'ap sèvi Garifunas nan Amerik Santral, abitan zon lakkòt yo ki se desandan Afriken ak Endyen Karayib, te parèt nan yon rapò foto ak yon atik sou istwa ak kilti Garifuna andan National Geographic Sektanm 2001. Vizite sit *National Geographic* lan pou plis detay.♦

VIZAJ TOU NEF NAN IAF	OREVWA
<p>IAF ap swete labyenveni nan Komite Konseye li pou Charles A. Gargano, Prezidan ak Komisè Empire State Development, Prezidan Olympic Regional Development Authority epi visprezidan Port Authority Nouyòk.</p> <p>Li rantre nan yon gwooup ki distenge anpil: Francisco Aguirre-Baca, fondatè ak pwopiyète <i>Diario de las Americas</i>; Rita DiMartino, visprezidan afè kongrè pou AT&T; John C. Duncan, direktè egzekitif nan W.R.Grace & Co; James R. Jones, Visprezidan Manatt Jones Global Strategies ak Prezidan International Business Council andan Greater Washington Board of Trade; Steve Knaebel, prezidan direke jeneral Cummins Diesel, S.A. de C.V. nan Meksik; Douglas X. Patino, vischanselye emerit California State University System epi prezidan CSU Foundation; Susan Kaufman Purcell, visprezidan Council of the American nan Americas Society; Deanna D. Rodriguez, visprezidan pou kontribisyon sosyete nan Energy Services ak visprezidan Energy Charitable Foundation; epi Al Zapanta, prezidan direktè jeneral Chanm Komès ameriken-meksiken. Konsey la te reyini en oktòb denyè e li gen pou'l reyini ankò jou ki va 3 jen 2002, ansanm ak Konsey Administration an.</p> <p>Travis Jacobs, espesyalis paralegal, te gradye nan Bentley College ki chita Waltham, Mass, yon fwa li te fin etidyé ekonomi ak kilti ak istwa amérik latin nan Madrid, Espay.</p> <p>Karen Juckett, asistan pou konseye general, oditè ak dirktè pou afè ekstèn, kite konn travay nan Biro Washington pou Amerik Latin, ak Konsila ameriken nan Toronto, Kanada. Li gen yon lisans B.A. nan afè etranjè nan University of Virginia.</p> <p>Tie Xu, yon espesyalis nan konsepsyon lojisyel ki rele Oracle, se nouvo espesyalis nan teknoloji enfòmatik IAF.❖</p>	<p>Joyce Chisley, ki te pase plis pase 10 lane ak IAF, ki t'ap travay kòm responsab bidjè, ap travay kounye-a pou Peace Corps.</p> <p>Margarita Guerra, ki te ak IAF pandan 25 lane, nan denyè tan kom espesyalis paralegal, detache pou pote konkou nan USAID (Amerik Latin ak Karayib).</p> <p>Melodie Moore, asistan estaf IAF pou Ajantin ak Venezuela pandan plis pase 3 lane, ap travay kounye a nan Aurora Consultancy Group.</p> <p>Hugo Us Alvarez, verifikatè rezulta pwojè nan Guatemala, demisyone pou'l aksepte yon bous pou metriz nan syans politik nan yon inivèsite ameriken apre li fini ak kou angle nan Arizona.❖</p>
	<h3>PWOGRAM ESTAJYE AKTIVE</h3> <p>IAF aktive pwogram li pou etidyan ki gradye yo, sa fè li gen 4 estajè nan Biwo Arlington nan.</p> <p>Emily Pintel, ki te santre sou relasyon emisfè okisidal ak devlopman ekonomik nan Johns Hopkins School of Advanced International Studies, ap fè rechèch sou "remittances" (transfè lajan) epi l'ap prepare rekondansyon pou foure nan pwojè IAF ap gen pou finanse pwochenman nan domen sa a.</p> <p>Katherine Hutter, yon kandida pou metriz nan Etid Latinoameriken nan Georgetown University, ap travay ak ekip Evalyasyon ak Vilgarizasyon sou tablo enfòmatif IAF yo ak sou lòt kalite piblikasyon.</p> <p>Kellee James, yon kandida pou metriz doub nan devlopman entènasyonal ak nan administrasyon biznis nan American University, ap fè rechèch sou alyans estratejik ak sektè prive pou pwomouvwa devlopman dirab a la baz, epi l'ap monte yon gid referans pou pi bon pratik li jwenn ant IAF ak patnè prive li yo.</p> <p>Claudia Panto, ki se kandida pou menm doub metriz nan devlopman entènasyonal ak administrasyon biznis nan American University, ap devlope yon kad travay pou evalye enpak insiativ sosyete ki gen yon konsyans <i>sosyal pou developman a la baz</i>.❖</p>
	<p>KONEKSYON IAF</p>

REKONESANS POU ETIK NAN IAF

IAF resevwa rekonesans pou Pwogram Etik Supeyè nan konferans **Office of Government Ethics** fè chak ane, ke yo te fè ane sa soti 3 rive 6 desanm. Direktè OGE, **Amy Comstock**, di pwogram tankou pa IAF yo "sèvi kom egzamp bon prensip piblik la dwe jwenn nan pwogram leta yo. Responsab etik nan IAF se **Carolyn Karr**.❖

SA OU PANSE?

Se moun tankou nou ki fè piblikasyon sa-a e se pou moun tankou nou, ki enterese nan devlopman a la baz, li fèt. Voye komantè nou, sijesyon nou ak istwa nou bay Heidi Smith nan

Inter-American Foundation
901 Stuart Street, 10th Floor
Arlington, VA 22203
Tel: 703.306-4301
Faks: 703.306-4365
imèl: info@iaf.gov

Inter-American Foundation
901 N. Stuart St., 10th Floor,
Arlington, VA
22203



BUILD RATE
US POSTAGE
PAID
PERMIT NO. 98765

ADDRESS CORRECTION REQUESTED

Mailing Address
Street Number and Name
City, State 98765-4321